

BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen kont Varyòl/Monkeypox (JYNNEOS™): Sa Ou Dwe Konnen

1. Poukisa pou mwen vaksinen?

Vaksen kont varyòl/monkeypox (JYNNEOS™) ka ede pwoteje kont varyòl, monkeypox, ak lòt maladi orthopoxvirus yo lakòz, epi virus vaksen an ladan tou.

Varyòl se yon maladi trè grav ke virus varyòl la lakòz. Sèten moun kontinye gen risk pou yo ekspose ak virus ki lakòz varyòl la, sa gen ladan moun k ap travay nan preparasyon pou ijans yo epi sèten travayè laboratwa. Virus la ka transmèt de yon moun a yon lòt moun, epi lakòz sentòm tankou lafayè ak yon gratèl ki leve sou po. Anpil moun ki te gen varyòl lontan te refè, men apeprè 3 moun sou chak 10 moun ki te gen maladi a te mouri.

Monkeypox se yon maladi ra ki gen sentòm ki sanble, men se yon maladi ki pi lejè pase sentòm varyòl yo. Sepandan, monkeypox kapab lakòz lanmò. Monkeypox se yon enfeksyon k ap parèt an Afrik epi gen epidemi ka enpòte monkeypox ki rive pafwa nan lòt peyi, epi Etazini ladan tou.

Virus vaksen an kapab lakòz maladi lè moun yo ekspose avèk moun ki enfekte (pa egzanp eksposizyon ak yon moun ki te vaksinen resaman avèk ACAM2000®, ki se yon lòt tip vaksen kont varyòl) oswa avèk bèt. Moun ki travay avèk virus vaksen an nan laboratwa yo ka ekspose ak virus la pa aksidan, epi si yo vin enfekte, yo kapab vin malad. Sepandan, pifò enfeksyon ak virus vaksen an rezoud poukout yo san tretman.

2. Vaksen kont Varyòl/Monkeypox (JYNNEOS™)

Vaksen kont varyòl/monkeypox (JYNNEOS™) an fèt avèk virus vaksen vivan an ki febli epi li pa kapab lakòz varyòl, monkeypox, ni okenn lòt maladi enfektyez.

Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) te apwouve JYNNEOS™ lan pou prevansyon maladi varyòl ak monkeypox kay granmoun ki gen laj 18 lane oswa plis ki gen gwo risk pou yo trape enfeksyon varyòl oswa monkeypox.

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil Biltén Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb www.immunize.org/vis

- CDC rekòmande JYNNEOS™ pou sèten travayè laboratwa ak manm ekip entèvansyon dijans yo ki ta ka ekspose ak virus ki lakòz enfeksyon orthopoxvirus yo.
- CDC rekòmande pou konsidere vaksen an pou moun k ap bay ACAM2000®, oswa k ap pran swen pasyan ki enfekte avèk orthopoxvirus yo.

Yo bay JYNNEOS™ anjeneral sou fòm yon seri 2 pikli, avèk 4 semèn entèval. Moun ki te resevwa vaksen kont varyòl lan lontan ta ka bezwen 1 dòz sèlman.

Yo rekòmande dòz rapèl yo chak 2 oswa 10 ane si yon moun kontinye riske ekspose ak varyòl, monkeypox oswa lòt orthopoxvirus yo. Fournisè swen sante w la kapab ba ou plis enfòmasyon.

3. Pale avèk founisè swen sante ou

Fè founisè vaksinasyon ou an konnen si moun k ap pran vaksen an:

- Te gen yon reyakson alèjik apre yon dòz anvansa ak vaksen kont varyòl, oswa si li te gen nenpòt alèji grav ki mete lavi an danje
- Gen yon sistèm iminitè febli
- Ansent oswa panse li ka petèt ansent oswa l ap bay tete

Nan kèk ka, founisè swen sante w ka deside ranvwaye vaksinasyon woutin (avan eksposizyon) pou varyòl/monkeypox avèk JYNNEOS™ jiska yon pwochen vizit.

Moun ki gen ti maladi, tankou rim, ka pran vaksen an. Moun ki malad yon fason modere oswa yon fason grav dwe òdinèman rete tann jiskaske yo refè anvan yo pran yon dòz woutin ak JYNNEOS™ (avan eksposizyon). Si yo te rekòmande pou w resevwa JYNNEOS™ akòz yon eksposizyon ak virus monkeypox, ou dwe pran vaksen an kèlkeswa si ou gen nan menm moman an yon maladi, gwosès, w ap bay tete, oswa ou gen yon sistèm iminitè febli.



**U.S. Department of
Health and Human Services**
Centers for Disease
Control and Prevention

Yo ka bay JYNNEOS™ anjeneral san konsidere kalandriye lòt vaksen yo. Sepandan, sèten moun ki gen plis risk pou yo gen yon maladi ki rele myokadit (anflamasyon misk kè a), sa gen ladan adolesan oswa jèn granmoun gason, ta ka konsidere rete tann 4 semèn apre vaksinasyon ak JYNNEOS™ anvan yo pran sèten vaksen kont COVID-19 la. **Si yo te rekòmande pou w resevwa JYNNEOS™ akòz yon eksposizyon ak virus monkeypox, ou dwe pran vaksen an menmsi ou te resevwa resaman yon vaksen kont COVID-19 la.**

4. Risk pou yon reyakson ak vaksen an

- Woujè, doulè, anflamasyon, ak gratezon nan kote yo bay vaksen an se bagay ki pi kouran ki rive apre vaksinasyon avèk JYNNEOS™.
- Epitou, fatig (epwizman), maltèt, ak doulè nan misk ka rive pafwa apre vaksinasyon avèk JYNNEOS™.

Pafwa moun endispoze apre pwosedi medikal, apre yon vaksen tou. Fè founisè swen ou konnen si ou santi toudisman, oswa ou gen chanjman nan vizyon oswa si zòrèy ou ap boudonnen.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans ki piti anpil pou yon vaksen lakòz yon reyakson alèjik grav, lòt chòk grav oswa lanmò.

Pou enskri nan V-safe apre nenpòt dòz vaksen JYNNEOS™ lan, ou kapab itilize smatfòn ou epi ou ale sou [vsafe.cdc.gov](https://www.cdc.gov/vsafe). V-safe se yon sistèm siveyans sekirite ki pèmèt ou pataje avèk CDC kijan oumenm, oswa depandan w santi nou apre nou fin pran vaksen JYNNEOS™ lan. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite www.cdc.gov/vsafe.

5. E si gen yon pwoblèm grav?

Yon reyakson alèjik ka rive apre moun ki pran vaksen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyakson alèjik grav (itikè, anflamasyon nan figi ak göj, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij oswa feblès) rele **9-1-1** ak mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Pou lòt siy ki enkyete ou, rele founisè swen sante ou.

Yo dwe rapòte reyakson negatif yo nan Sistèm Rapò sou Efè Endezirab Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Òdinèman, founisè swen sante ou ap fè rapò sa a, oswa ou ka fè li oumenm. Ale sou sitwèb VAERS la nan www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. VAERS se pou rapòte reyakson yo sèlman, epi manm pèsonèl VAERS yo pa bay konsèy medikal.

6. Pwogram Konpansasyon pou Chòk Kont-Mezi

Pwogram Konpansasyon pou Chòk Kont-Mezi (Countermeasures Injury Compensation Program) se yon pwogram federal ki ka ede peye frè pou swen medikal ak lot depans byen presi pou sèten moun ki te pran chòk gravman akòz sèten medikaman oswa vaksen. Si ou te pran chòk akòz vaksen kont varyòl/monkeypox lan, pou w aprann plis sou Pwogram sa a, ou kapab vizite sitwèb pwogram lan nan www.hrsa.gov/cicp, oswa rele nan **1-855-266-2427** (855-266-CICP).

7. Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Mande founisè swen sante ou.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Vizite sit entènèt Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (FDA) pou jwenn avi ki vini ak vaksen yo ak enfòmasyon anplis nan www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC):
 - Rele **1-800-232-4636** (1-800-CDC-INFO) oswa
 - Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/poxvirus/monkeypox.

Haitian Creole translation provided by Immunize.org

Vaccine Information Statement
Smallpox/Monkeypox Vaccine

11/14/2022

OFFICE
USE
ONLY

